



Ntwarante 2022

kirundi

Ubwo sico gituma umutima wacu warurumba!

(Luka 24,32)

Kontakt:

Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen

Mobil.:

+49-172-5638432

Mail:

meinolf.wacker@go4peace.eu

Homepage

www.go4peace.eu

Yaga ivyagushikiye! Share your experience!

Bakunzi ba go4peace,

Vyabaye ibintu vy'agatangaza. Abakunzi biwe bari bakiriye Yezu, bamwemera nka Mesiya. Kuri bo vyaragaragara ko azobakurako agacinyizo k'Abaromani. Ariko umwe muri bo, Yuda yaramuguze ku baromani. Ivyo vyari kumuha akaryo - uko niko yiyumvira- ko yerekana ububasha bwiwe nka Mesiya, maze akayogezza Abaromani. Ariko noneho biri bube ukundi. Yezu yerekanye ububasha bwiwe mu kutagira ububasha kubw'urukundo. Yaremeye arabambwa ku musalaba, araheza apfa mu butindi nk'umumenja. Uko ni ko yerekanye iyo urukundo rushobora gushika. Ruca mu nzira zose, gushika no mu mwijima umuntu adashobora gutegeza.

Abagedanyi biwe barajumarariwe. Bati mbega none twakurikiye Nyaringa? Mu maso ya bagenzi babo be n'imiryango yabo, basa n'abatakaje vyose. Muri ako kangaratete nyene niho babiri muri bo bafata akayira bagana i Emmausi. Bagenda barayaga vyose ata kubideha. Ivyo vyarabaha agahengwe. Niho haza umuntu batazi aboma amaguru mu nyuma batazi iyo aturutse. Niho yababaza yitonze ivyabaye, hanyuma abaha umuco kuvyeho batari batahuye neza. N'i Emmaus yabagumye iruhande. Imitima yabo irarurumba. Mu gufungura niho bahavuye bamenya ko ari Yezu. Yari yabahaye umuco, amahoro, ugutahura be n'akanyamuneza karurumba mu mitima yabo. Ariko ubwo nyene ntibabaye bakimubona. Ubwo rero bari bajijutse : bati iyo nkuru ntitwoyigungana. Muri iryo joro nyene baca barafashako, bahindukira i Jeruzalemu kubiyagira bagenzi babo.

Mbega wewe woba urashikirwa n'ivyo bintu, aho umutima wawe ururumbamwo akanyamuneza kubera kubera Yezu yagukozeko – haba mu kiyago, haba mu kintu wubuye, haba mu nsiguro wumvise, haba mu vyagushikiye uri kumwe n'abandi...? Enda fata akanya gatoyi uvyiyumvire. Ukaba hari umugenzi umwe canke babiri wipfuzako musangira urugendo uyu mwaka, heza rero ubibayagire. Erega na Toma yarumvise umusi uri izina umutima wiwe ururumba :

„naragiye kenshi mw'ikambi ry'ihwaniro rya go4peace i Sarajevo. Igihe cose twaba turi kumwe tugakorera ibikorwa hamwe, nama numva akanyamuneza kadasanzwe mu mutima, ntahora numva ahandi. Nama numva mpimbawe n'uko uyundi mwaka ugiye kuza ngo dusubireyo. Mu nyuma niho nagiyeye kwa Meinolf imisi mukeyi i Kamen. Naramuyagiye invyerekeye ako gahimbare kandurumba mu mutima. Twari twicaye ku ntebe ku kazuba. Meinolf araheza aramfasha gutegeza ko ako kanyamuneza ari amakanda ya Yezu ari hagati yacu. Wewe waritanze wese mw'ikambi twarimwo. Eka n'abandi mwari kumwe bagize gurtyo nyene. Niho rero Yezu ubwiye yaduka hagati yacu. Ntushobora kumubonesha amaso y'umubiri, ariko urumva amakanda yiwe ko ariho ari mu kanyamuneza, mu mahoro, mu kwihanganira abandi, eka no mu mutima wawe ururumba. Naramutegeza yompi, gushika aho ntamenye ingene amosozi yadengereye mu maso. Yari amosozi y'akanyamuneza. Emwe ndazi neza ko na wewe ibisa n'ivyo bimaze kugushikira.“ **Yaga ivyagushikiye! - Share your experience!**

Kubwa go4peace

Meinolf Wacker.